

Deklarasyon Dwa Pasyan pou Sant Dyagnostik ak Trètman (Klinik)

Antanke yon pasyan nan yon Klinik nan Eta New York, ou gen dwa, dapre lalwa, pou:

- (1) Resevwa sèvis san yo pa gade laj, ras, koulè, oryantasyon seksyèl, relijyon, eta sivil, sèks, idantite seksyèl, peyi kote w soti oswa sous pèman.
- (2) Resevwa trètman avèk konsiderasyon, respè, ak diyite epi konfidansyalite nan trètman;
- (3) Jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib nan sant lan;
- (4) Resevwa tout enfòmasyon sou dispozisyon pou kouvèti asirans ijans andeyò lè travay;
- (5) Enfòmasyon w epi resevwa yon estimasyon frè pou sèvis yo, gade yon lis plan sante ak lis lopital sant lan abitye kolabore; kalifikasyon pou ranbousman twazyèm pati, epi, lè sa aplikab, disponibilite swen gratis oswa pri redwi
- (6) Resevwa yon bòdwo detaye de kont li, si li mande sa;
- (7) Jwenn nan men pwofesyonèl swen sante l la, ranplasan pwofesyonèl swen sante l la enfòmasyon konplè ak aktyèl konsènan dyagnostik li, trètman ak pwonostik nan tèm yo espere pasyan an kapab konprann yon fason rezonab;
- (8) Resevwa nan men doktè a enfòmasyon ki nesèsè pou bay konsantman eklere anvan kòmansman nenpòt pwosedi ki pa ijans oswa trètman oswa toude. Yon konsantman eklere dwe gen ladan l, kòm yon minimòm, enfòmasyon sou pwosedi espesifik oswa trètman espesifik oswa toude, ris moun kapab prevwa ki enplike, ak altènatif pou swen oswa trètman, si genyen, kòm yon pwofesyonèl medikal rezonab nan yon sikonstans konsa tap revele nan yon fason ki pèmèt pasyan an pran yon desizyon eklere.
- (9) Refize tretman nan limit lalwa pèmèt sa epi jwenn tout enfòmasyon konsènan konsekans medikal sa kapab genyen;
- (10) Refize patisipe nan rechèch eksperymanal;
- (11) Pote plent epi rekòmande chanjman nan politik ak sèvis yo bay anplwaye sant lan, operatè a ak New York State Department of Health (Depatman Sante Eta New York) san w pa pè reprezay.
- (12) Eksprime plent sou swen ak sèvis yo bay epi fè sant lan mennen ankèt sou plent sa yo. Sant lan responsab pou bay pasyan an oswa moun li deziyen an yon repons alekri ki endike rezilta ankèt la nan espas 30 jou si pasyan an mande sa. Sant lan responsab tou pou fè pasyan an oswa moun li deziyen an konnen si repons sant lan pa satisfè pasyan an, li ka pote plent bay New York State Department of Health (Depatman Sante Eta New York);
- (13) Respekte entimite pasyan an ak konfidansyalite tout enfòmasyon ak dosye konsènan swen sante pasyan an.
- (14) Apwouve oswa refize divilge sa ki nan dosye medikal li bay nenpòt pwofesyonèl swen sante ak/oswa etablisman swen sante eksepte jan lalwa oswa kontra pèman twazyèm pati egzije l;
- (15) Aksè nan dosye medikal li yo dapre Seksyon 18 Public Health Law (Lwa sou Sante Piblik), ak Sou-seksyon 50-3 Pou plis enfòmasyon ale nan: http://www.health.ny.gov/publications/1449/section_1.htm#access
- (16) Otorize manm fanmi w yo ak lòt adilt ki pral resevwa priyorite pou vizit, selon kapasite w pou resevwa vizite; epi
- (17) Si sa aplikab, fè konnen volonte ou pa rapò ak kado anatomik. Moun ki gen sèzan oswa plis kapab dokimante konsantman yo pou fè don ògan yo, je yo ak / oswa tisi, nan moman lanmo yo, nan enskri nan Rejis Donate Vi NYS oswa yo kapab dokimante otorizasyon yo pou don ògàn ak / oswa tisi alekri nan nan plizye fason (tankou deziyen yon responsab swen sante, volonte, kat donatè, oswa lòt papye ki siyen). Prokurasyon swen sante a disponib nan sant lan.
- (18) Gade yon lis plan sante ak ki lopital sant lan abitye kolabore;
- (19) Resevwa yon estimasyon sou ki kantite lajan ki pwal faktire apre ou finn resevwa sèvis.



**Department
of Health**